





Banjur para prajurit Romawi nyègel lan njaga pesaréan mau. Dadiné, babar pisan ora ana wong sing bisa mlebu utawa metu ing kubur kuwi.

19



Yèn crita iki rampung ing kéné, wah mesthi kaanané nyedhihaké banget. Nanging Gusti Allah nindakaké perkara sing ajaib. Gusti Yésus ora tetep séda.

20



Isih ésuk umun-umun ing dina kapisan minggu iku, sawenèh murid-muridé Gusti Yésus weruh yèn watu kanggo nutup pasaréané Gusti wis semingkir saka kuburan iku. Bareng niliki njeroné, Gusti Yésus wis ora ana nang kono.


21



Salah siji saka para wanita iku tetep ing kono karo nangis nang sandhing kuburan. Banjur Gusti Yesus ngetingal marang dhewèké! Dhewèké dadi seneng banget lan énggal-énggal bali nyiritakaké marang para murid liyané. "GUSTI YESUS GESANG.

WIS WUNGU.
GUSTI
YESUS
WIS ORA SEDA MANEHI!"

22



Paskah Pisanan

Ora let suwe Gusti Yésus ngrawuhi para murid, lan nuduhaké astané sing ana tilas pakuné. Pancèn bener. **GUSTI YÉSUS WIS GESANG MANÈH!** Gusti ngapura Pétrus sing nyélaki Panjenengané, lan ngendika marang para sekabat supaya nyiritakaké marang kabèh wong bab Panjenengané. Sakterusé, Gusti Yésus kondur nang swarga, yaitu dalemé Gusti Yésus sing wiwitan, sakdurungé rawuh ing Natal sing kapisan.


23

Paskah Pisanan
Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci
bisa digolèki ing
Matius 26-28, Lukas 22-24,
Yohanes 13-21
"Kawedharipun pangandika Paduka punika madhang!" Jabur 119:130


Ditulis déning Edward Hughes
Digambari déning Janie Forest
Diterjemahaké déning Endang Supardan
Dibesut déning Lyn Doerksen
Crita nomer 54 saka 60
M1914.org
Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada
Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki, waton ora kanggo diedol.

Gusti Allah pirsá yèn kita wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Pawkumané dosa iku pepati.
Gusti Allah tresna banget marang kita nganti masrahaké putrané, Gusti Yésus, supaya séda sinalib lan nebus pawkuman kita. **Gusti Yesus wus wungu, gesang** lan kondur menyang Swarga! Saiki uga Gusti bisa ngapura dosa-dosa kita.
Yen kowé kepéngin mratobat saka dosa-dosamu, matura marang Gusti Allah mengkéné: Gusti Allah ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Gusti Yésus séda kanggé kawula, lan sakmenika sampun wungu lan gesang. Kersaa rawuh ing manah lan gesang kawula sarta ngapuntèni dosa-dosa kawula, supados kawula pikantuk gesang énggal sakmenika; lan mbéjjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminya. Kersaa mitulungi kawula supados kawula saged gesang kagem Paduka kadosdéné putra Paduka. Amin. Yohanes 3:16
Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Allah saben dina!

Basa Jawa Prasaja Javanese



Wanita iku ngadeg nang pegunungan sing lagi akèh wongé; kanthi sedhik banget mripaté nyawang pemandhangan sing nggegirisi. Anaké wanita iku wis mèh tilar donya. Ibu iku iya Maria sing ngadeg cedhak panggonan Gusti Yésus nang kayu salib.



Kepriyé déné kedadéyané bisa kaya mengkono? Kepriyé déné Gusti Yésus sing gesangé utawa uripé apik banget, kebak kabecikan, akiré bisa kaya ngono sengsarané? Kenang-apa Gusti Allah marengaké Putrané dipaku nang kayu salib nganti séda ing kono? Apa Yésus klèru bab Sapa sajané Dhiri-pribadiné? Apa Gusti Allah gagal?

1

2




Ora, Gusti Allah ora gagal. Uga Gusti Yésus ora kleru apa-apa. Gusti Yésus tansah mangerti yèn Panjenengané bakal dipatèni déning para wong sing jahat. Malahan nalika Gusti Yésus isih bayi, ana wong tuwa sing jenengé Siméon tau ngandhani marang Maria yèn ing tembé mburi bakal ngalami kasedhihan gedhé.

3



Sawatara dina sakdurungé Gusti Yésus disédani, ana wong wadon marani Gusti, banjur ngesokaké minyak wangi larang sakguci ing samparané Gusti Yésus.

4




"Wong wadon iku mborosaké dhuwit," kandhané para sakabat sing padha ora setuju. "Dhewèké nglakoni barang sing becik" ngendikané Gusti Yésus. "Dhewèké nglakoni mangkono iku kanggo nyedhiyakaké anggonku bakal dikubur". Pangandikané Gusti iku nganèh-anèhi utawa ora lumrah, ya!

5




Sakwisé iku, Yudas, yaiku salah siji saka muridé Gusti Yésus sing jumlahé rolas, sekongkolan karo para pemimpin Imam, arep ngiyani Gusti Yésus, diijoli 30 iji utawa sèkel, dhuwit pérak.

6



Ing dina Riyaya Paskahé wong Jahudi, Gusti Yésus dhahar bebarengan sing pungkasan karo murid-muridé. Gusti ngendikaaké prekara-prekara sing éndah bab Gusti Allah lan janjiné Gusti marang sapa waé sing tresna marang Panjenengané. Banjur Gusti Yésus mundhut roti lan unjukan banjur diedum-dum. Iku kanggo ngélingaké para murid mau yèn badané lan rahé utawa getihé Gusti Yésus diparingaké kanggo pangapuraning dosa.

7




Banjur Gusti Yésus ngendika marang para sekabaté yèn Panjenengané bakal dikiyani, lan para murid kabèh bakal mlayu ngadoh. "Kula mboten badhé késah utawi mlayu," aturé Petrus. "Sakdurungé jago kluruk wayah ésuk, sira bakal nyélaki aku, kandha ora kenal karo Aku, kaping telu," ngendikané Gusti.

8



Bengi iku uga, Gusti Yésus tindak ndedonga ing Taman Gètsémané. Para murid sing didhawuhi ngancani Gusti Yésus padha keturon. Pandongané Gusti Yésus mangkéné: "Dhuh Rama, menawi kepareng cawan punika kasingkirna saking Kula. Nanging sampun pikajeng Kula, namung karsa Paduka kémawon ingkang kalampahan".

9



Ujug-ujug ana sakgerombolan wong nggawa senjata mlebu ing taman iku, dipandhu déning Yudas. Gusti Yésus ora nglawan, nanging Pétrus nyerang nganggo pedhangé nganti ana wong sing kupingé prothol. Tanpa ramé-ramé, Gusti Yésus banjur ngemèk kupingé wong kuwi lan dhewèké dadi mari. Gusti Yésus pirsá, yèn prakara penahanané Panjenengané iku pancèn klebu ing kersané Gusti Allah.

10



Gerombolan mau nggawa Gusti Yésus marang dalemé imam besar. Ing kono, para pemimpin agama Yahudi njaluk supaya Gusti Yesus dipatèni. Ora adoh saka kono, Pétrus ngadeg cedhak para rewang sing padha gegenèn karo nonton.

11




Ana kaping telu wong-wong namatké lan ngenali Pétrus lan ngucap, "Kowé ya sering bareng Yésus!" Kaping telu uga Pétrus nyélaki, persis kaya sing dingendikaaké Gusti Yésus sakdurungé. Malah Pétrus uga ngipat-ipati lan sumpah-sumpah.

12




Persis ing wektu iku, ana jago kluruk. Suwara iku kaya-kaya suarané Gusti Yésus marang Pétrus. Pétrus banjur éling marang pangandikané Gusti Yésus, lan banjur nangis kanthi sedhih banget.

13




Yudas uga getun. Dhewèké ngerti yèn Yésus babar pisan ora duwé kesalahan, ora nglakoni dosa utawa tumindak jahat. Yudas banjur mbalèkaké dhuwit 30 sèkel pérak iku, nanging para imam ora gelem nampa. Yudas banjur mbuwang dhuwit mau nang ngisor, banjur metu - lan nggantung dhiri.

14




Para imam nggawa Gusti Yésus ngadhèp Pilatus, gubernur Romawi ing wilayah kono. Pilatus ngendika, "Aku ora nemu kesalahané Wong Iki." Nanging wong akèh terus bengak-bengok uniné: "Kasaliba Wong Kuwi! Kasaliba!"

15



Pungkasané Pilatus nyerah lan mutus supaya Yésus diukum mati disalib. Para prajurit njotosi Gusti Yésus, ngidoni pasuryané, lan uga mecuti Panjenengané. Wong-wong iku kanthi kejem padha gawe makutha saka eri sing dawa-dawa lan landhep-landhep, dianggokaké ing mustakané Gusti Yésus. Banjur wong-wong mau maku Gusti Yesus nang kayu salib, cikbèn mati.

16



Gusti Yésus wis pirsá yèn Panjenengané arep séda mawa cara sing kaya ngono. Gusi uga pirsá yèn sédané bakal nggawa pangapura kanggo wong-wong dosa sing percaya marang Panjenengané. Ana wong jahat loro sing disalib bareng Yesus, ing kiwa lan tengene. Sing siji percaya marang Gusti Yesus - lan nderek Gusti nang Swarga. Sing sijine ora ngandel.

17



Sakwisé ngrasakaké sengsara pirang-pirang jam, Yésus ngendika, "Wis rampung," lan banjur séda. Pakaryan utawa gawéané wis dirampungaké.

Mitra-mitrané Gusti nyarèkaké Panjenengané nang pesaréan sing anyar.

18